юмуш нимадан иборат? Талабалар яна мунозарага тортилади ва аниқ жавоб экранга чиқарилади. Деди: - Ёшликда мукаммал илм ўрганиш; эгаллаган ҳунари ила бошқаларга фойдаси тегиб, яхши ном қозониш; ота-она, эл хизматида бўлиш ва ҳамиша пок ният, гўзал хулк билан юриш.

Дедим:- Ота-она, элга хизмат килган фарзанд нима топади?

Деди:- Иззат-икром, қалб сокинлиги ва бениҳоя ажру савоб!

Дедим:- Қандай сабоқ шогирд онгидан мустаҳкам жой олади?

Деди:- Ишончли далил, ҳаётий мисол ва шахсий ибрат орқали берилган сабоқ.

Дедим:- Шогирд учун энг оғир, аммо шарафли нарса нима?

Деди:- Муносиблар ичида муносиб бўлиш .

Дедим:- Қай тоифа кишиларнинг ёши эътиборга олинмайди?

Деди: - Тўрт тоифа: устоз, ота-она, фозил киши ва раҳбарнинг".бундай насиҳатомуз манбалар орқали ёшларни комиллик сари йўналтириш ўзининг самарали кучига эга бўлади.

Талабаларни театрга олиб бориш орқали маънавий тарбия такомиллаштирилади. Ҳаётий воқеалар акс этган асарларни томоша қилиш, муносабатлар тизимини тахлил қилий, туйғуларни бошқариш санъати айнан театрда намоён бўлади. Театр томошасидан кейин талабалар билан билан асарнинг мазмун мохиятини тахлил қилиб, ижобий ва салбий образдаги қахрамонларнинг саъйи – ҳаракатларига муносабат билдиришлари сўралади. Бундай тизим орқали ўқитувчи шогирдларининг тарбияланганлик даражаларини тахлил қилиб боради. Жиззах вилоят мусиқали драма театрида Ўзбекистон халқ шоири, Ўзбекистон Қаҳрамони Абдулла Орипов асари асосида саҳналаштирилган "Жаннатга йўл" спектаклини талабалар томоша қилишди. Бу спектаклнинг электрон варианти бориб кўришга улгурмаган талабаларга кўрсатилгандан кейин талабалар билан ижодий давра сухбати ташкиллаштирилди.

Бу ҳолатда интеграция бир предмет, тарбия тури, ҳар хил ижтимоий муносабатлар бўйича билимларни иккинчисига кўчириш ва фаолиятнинг алмашиниши эмас, балки замонавий интеграцияси йўналишларини акс эттирувчи янги дидактик эквивалент (мос бўлган, ўхшаш, кенг келадиган нарса) ларни яратиш жараёни амалга оширилди. Демак, биз юқоридаги фикрларга таянган холда, бўлажак ўқитувчиларни юксак маънавиятли, педагогик ҳурфикрлаш қобилиятига эга бўлган шахс сифатида шакллантиришда, таълим ва тарбия жараёнларида интегратив ёндошувни амалга ошириб борсак кўзланган мақсадга эришиб борамиз. Шунинг учун ҳам фанлар кесимида, тарбия турлари кесимида ахборот технологиялари ва телекоммуникацион воситалар имкониятларидан фойдаланиб маънавият, адабиёт, фалсафа, миллий ғояга оид билимларимизни бойитиб танланган касбга педагогик ҳурфикрлилик билан кириб бориш жуда катта имкониятлар эшигини очади десак хато қилмаган бўламиз.

**Адабиётлар**


1. Ҳасанбоев Ж., Тўрақулов Х., Усманов Н. Педагогика фанидан изоҳли луғат. –Т.: «Fan va texnologiya», 2009.
2. Мавлонова Р.А. Бошланғич таълимнинг интеграциялашган педагогикаси. –Тошкент: 2009.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақола талабаларда ҳурфикрлиликни ривожлантиришда ахборот ва телекоммуникация воситаларидан унумли фойдаланиш, ахборотлаштириш, фан ва техника соҳасидаги туб бурилишларнинг аҳамияти, таълим ва тарбия жараёнларида интегратив ёндашувни амалга ошириб бориш масалаларини ўз ичига олади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы использования информации и телекоммуникаций, важности радикальных изменений в науке и технике и реализации интегративного подхода к образованию и воспитанию в развитии свободомыслия студентов.

**SUMMARY**

In the article the author discusses the use of information and telecommunications, the importance of radical changes in science and technology and the implementation of an integrative approach to the education and upbringing of students' free thinking.


## АКАДЕМИЯЛЫҚ ЛИЦЕЙЛЕРДЕ Т.ҚАБУЛОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ЛИРИКАСЫН ҮЙРЕНИЎ


**Қ.А.Юсупов** *–филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** дарс жараёни, адабиёт, адабиётшунос, поэзия, поэма, образ, ижоди, стиль, метод, жанр, тил, ўқитиш.

**Ключевые слова:** процесс урока, литература, литературовед, образ, творчество, стиль, метод, жанры, язык, обучение.

**Key words:** the process of the lesson, literature, specialist in literature, character, creative work, style, method, writing, genres, language, training.


Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасында лирикалық шығармаларды оқытыў ең әхмийетли методикалық мәселелердиң бири. Бул методикалық мәселе бойынша елеге шекем жетерли методикалық пикирлер айтылмай киятыр. Әдебиятты оқытыў методикасы бойынша белгили методист алымлар Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә., Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ., Йулдошев Қ., Тўхлиев Б. ҳәм т. б. методикалық мийнетлеринде пикирлер билдирилген [1]. Бирақ академиялық лицейлер ушын арналған әдебият бағдарламасында берилген лирикалық шығармаларды оқытыў ҳаққында пикирлер аз билдирилген. Усы көзқарастан қарақалпақ поэзиясы XX әсирдиң 60-90-жыллары тематикалық, жанрлық ҳәм көркемлик жақтан әдеўир раўажланыў бағдары, лирикалық шығармаларды таллаўдың әхмийети ҳаққында кең тоқтап өткенимиз мақсетке муўапық болады. Әсиресе, әдебият бағдарламасында берилген Ж.Аймурзаев, Т.Жумамуратов, Б.Қайыпназаров, И.Юсупов, Т.Мәтмуратов, Ш.Сейтов, У.Пиржанов, К.Рахманов, Т.Қабулов ҳәм тағы басқалардың лирикасын үйрениў ҳәм сабақ түрлери арқалы оқытыў арқалы оқыўшыларға шайырлар дөретиўшилигиниң өсип жетилисиўи, олардың дөретпелери арқалы сол дәўирдеги поэзияның раўажланыў бағдарын түсиндириў әдебиятшы муғаллимлерден методикалық шеберлик ҳәм жуўапкершилик талап етеди. Әдебият сабақларында шайырлардың лирикасының инсан өмирине руўхый жақтан тийгизген тәсирлерин, биринши гезекте поэтикалық шеберлигин түсиндириў зәрүр.

Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў барысында оқыўшыларға белгили шайыр Толыбай Қабуловтың лирикасын ҳәм көркемлик излениўшилигин түсиндириў керек. Сабақ барысында бириншиден, шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилигине қысқа таллаў жасап, оның мәдениятқа, көркем әдебиятқа, көркем өнерге болған дөретиўшилик қатнасларын түсиндириў, өзи сүўретлеп отырған турмыс ўақыяларын жаңаша идеялық ҳәм эстетикалық өлшем тийкарында дөреткенлигин мысаллар менен айтып өтиў лазым. Екиншиден, шайыр лирикасында дәўирге деген халықлық қуўанышты, тилек әрманларды идеялық

мазмун етип алғанлығын, сөз зергериниң поэзиясында жас әўладтың өзлигин аңлаў, өтмиштеги миллий қәдириятларымызды қәдирлеў, жасларды ўатанға деген сүйиўшилик сезимлерге тәрбиялаў усаған мәселелер көркемлик пенен сәўлелендиргенин көрсетпели қураллар жәрдеминде оқытыў тийис.

Академиялық лицей оқыўшыларына Т.Қабулов өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша мына мағлыўматларды атап өтемиз: Т.Қабулов - белгили лирик шайыр. Ол 1939-жылы 10-майда Қараөзек районының "Қарабуға" аўылында дийқан шаңарағында дүньяға келген. Мектепти питкергеннен соң Нөкис қаласындағы аўыл хожалық техникумын тамамлап (1958), Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын (1963) питкерди. "Қарақалпақстан" баспасында бөлим баслығы, бас редактордың орынбасары, Республикалық Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери, "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы, Қарақалпақстан мәлимлеме агентлиги директоры орынбасары лаўазымларында ислейди. Т.Қабуловқа Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы ҳәм "Қарақалпақстан халық шайыры" деген ҳүрметли атақлары берилген. 1976-жылдан Өзбекстан жазыўшылар аўқамының ағзасы болған.

Академиялық лицей оқыўшыларына Т.Қабуловтың аўдарма менен шуғылланғанын, оның әдебий дөретиўшилигиниң раўажланыўына әдеўир тәсир жасағанын атап өтемиз. Және де аўдармашы сыпатында белгили жазыўшылар С.Михалковтың "Степа ағай", А.Бартоның "Сениң байрамың", Н.Гогольдиң "Тарас Бульба", А.Чеховтың "Гүрриңлер", А.Мухтардың "Әдалат", Х.Алимжанның "Суймурық", С.Эралиевтиң "Мениң талай достым бар" деген шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарғанын, шайырдың баспадан шығарған аўдармалары әдебиятта салмақлы орынды ийелейтуғыны ҳаққында мағлыўмат бериледи.

Академиялық лицей оқыўшыларына Толыбай Қабулов шайыр сыпатында 40 жылдан аслам қарақалпақ поэзиясы майданындағы мийнетин, өзиниң көркемлик дүньясына бай әдебий дөретиўшилиги менен китап оқыўшыларына бирнеше поэтикалық топламларын инам еткенин, зергериниң «Қара буға» (1964), «Ашығыңман» (1968), «Дийдар» (1972), «Пәтулла зор» (1974), «Сен туўылған ақшамы» (1981), «Сен мени қутлықла» (1989), «Пәндиў-нәсият» (1995), «Ең жақсы намаға жаным садаға» (2006), «Университет - Бердақ дилўарым мениң» (2009), «Таңламалы қосықлары» (2009) усаған көркемлик пенен жазылған поэзиялық топламлары жасларға үлкен руўхый заўық бағышлағанын түсиндириў керекли методикалық мәселелерден есапланады.

Сабақ барысында оқыўшыларға Толыбай Қабуловтың дөретиўшилиги бойынша белгили алымлар, шайырлар, оның заманласлары ҳәр қыйлы көзқараста пикирлер билдиргени ҳаққында мысаллар келтириў керек. Бул оқыўшылардың әдебиятқа болған, шайыр лирикасына болған қызығыўшылығын арттырып барады. Мәселен, XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы сабақлығында: «Ол қарақалпақ поэзиясында көплеген қосықлар топламлары менен қарақалпақ әдебияты ҳәм миллий мәдениятына үлкен үлес қосқан көрнекли шайырлардың бири» [2:281] - деп әдебияттағы орнына жоқары баҳа берген. Булардан басқа Өзбекстан Қаҳарманы ҳәм Өзбекстан халық шайыры И.Юсупов: «Белгили шайырымыз Толыбай Қабуловты оның студентлик жылларынан берли билемен. Ол Нөкис пединститутында оқып жүргенде дийўалы газеталарда дәслепки қосықлары шығатуғын еди. Соннан берли мениң байқағаным, ол соңғы қосықларына дейин заманлас ўатанласларының кеўилин көтериўге умтылып, олардың қуўанышын жырлайтуғын еди, оларды байрам менен мийнетте табыслары менен қутлықлаў, оларға жақсы тилеклер тилеў, юбилейлик сәнелери менен қутлықлаў, өнегели өмир, жақсы келешек тилеп қосықлар арнайтуғын еди. Бул оған өмир бойынша ибратлы әдетке айланып кетти» [3:2] -деген пикири шайырдың дөретиўшилик жолы ҳаққында орынлы айтылған. Ал профессор Ю.Пахратдинов «Қарақалпақ поэзиясының умытылмас тулғасы» деген мақаласында: «Толыбай Қабулов тәбийғый талантлы шайыр. Оның поэзиясының тематикасы ҳәр қыйлы гөнермейтуғын, мазмунлы шығармалардан ибарат. Әсиресе, ол бүгинги поэзияда жырланыўы зәрүр темаларды тез табатуғын еди ҳәм оған ылайық қосық дөрететуғын еди.» [4:154-155] - деп талант ийесиниң айырым қырларын дурыс көрсете билген. Булардан басқа композитор Н.Мухаммеддиновтың «Намалар дөретиўге шақырып турады», Қарақалпақстан халық шайыры Г.Матякубованың «Халқ севган, халқини севган шоир», шайыр Ә.Тәжибаевтиң «Әдебиятқа бағышланған өмир», әдебиятшы Т.Мәмбетниязовтың «Қосық – ой ҳәм сезим, нама - қанаты», композитор Ғ.Аманиязовтың «Қосықлары намаға уласқан шайыр», профессор Қ.Өтениязовтың «Шайырдың еки өмири бар», профессор Б.Абдикамаловтың «Толыбай Қабулов халық шайыры», шайыр О.Сәтбаевтиң «Өмир қосықларда етеди даўам», Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти, қосықшы Б.Матжановтың «Қосық шайырлардан бурын туўылған» ҳәм басқалардың еске түсириўлеринде, мақалаларында Толыбай Қабуловтың әдебияттағы, мәденияттағы орны туўралы баҳалы пикирлер билдирилгенин лицей оқыўшыларына лекция сабақларында түсиндириў керек. Бул усылларда сабақты түсиндириў биринширен, шайырдың өмири ҳаққында тыянақлы мағлыўматларға ийе болса, екиншиден оның лирикасы ҳақында айтылған әдебиятшылардың ҳәм заманласларының сын пикирлери оқыўшылардың лирика туўралы ойлаў қәбилетин тереңлестирип ҳәм түсинигин арттырып барады.

Академиялық лицей оқыўшыларына Толыбай Қабуловтың лирикасының мазмуны бойынша дидактикалық, муҳаббат, публицистикалық, нама қосықлары ҳаққында түсиник бериў пайдалы. Шайыр лирикасында поэтикалық формасы бойынша төртликлер, муҳаммеслер, алтылық, сегизлик, онлық, он екилик, арнаў түриндеги қосықлардың түрлери бар екенлигин мысаллар менен түсиндириў оқыўшылардың әдебий жанрларға, қосық формаларына түсинигин байытып, лирикалық шығармаларды таллаў барысында қыйыншылықларға ушырамайды.

Солай етип, сабақ барысында сөз зергериниң лирикасын тематикалық жақтан ўатан, тәбият, муҳаббат, дослық усаған бир неше түрлерге ажыратып, шайырдың лирикасынан ўатан темасына арналған «Туўылған жер», «Гөне журтта», «Өзбекстан», «Қарақалпақстан» ҳәм т.б. қосықлары әдеўир тәсирли ҳәм сәтли жазылғанын, бул қосықларында лирикалық қаҳарманның ишки сезимлери арқалы дәўир талабы, мәмлекетимиздиң раўажланыў бағдары, экономикалық ҳәм мәдений турмысы ҳәртәреплеме көркемлик пенен жырланғанын түсиндириў мақсетке муўапық болады. Ҳақыйқатында да ўатан ҳаққында жазған шайырлар жүдә көп. Олардың поэзиясы, лирикалық қосықлары ҳәрқыйлы стильлерде, усылларда жазылған.

Академиялық лицей оқыўшыларының Толыбай Қабуловтың лирикасына түсинигин анықлаў мақсетинде киши топарларға бөлиў керек.

1-топар. Т.Қабуловтың «Өзбекстан одасы» қосығын таллаў;

2-топар. «Қарақалпақстанды қалай сүймессең?»

деген қосығын таллаў;

3-топар. Т.Қабуловтың «Ғәрезсизлик» қосығын таллаў;

4-топар. «Туўылған жер» ҳәм «Қарақалпақпан» қосықларын таллаў;

5-топар. Т.Қабуловтың дослық темасындағы қосықларын таллаў;

6-топар. Т.Қабуловтың муҳаббат темасындағы қосықларын таллаў;

7-топар. Т.Қабуловтың тәбият темасындағы қосықларын таллаў;

Ҳәр бир топар берилген сораўларға жуўап береди. Олардың жуўаплары муғаллим тәрепинен баҳаланып барылады. Бул усыл шайыр лирикасына оқыўшылардың түсинигин ҳәм қызығыўшылығын арттырып барады.

**1-топардың жуўабы:** Т.Қабуловтың «Өзбекстан одасы» қосығы жаңаша формаға қурылып, бириншиден ҳәрбир куплети 10 қатардан ибарат болып, шайыр өзгеше қосық формада жазғанлығы көринсе, екиншиден, лирикалық қаҳарман арқалы ўатанға болған шексиз муҳаббат сезимлерине ийе, ўатанын жанындай сүйген азаматлардың образын жасап бергенлиги көринеди. Жәнe де ўатанымыздың тарийхын тереңнен сүўретлеп, ана журтымыздың тийкары болған Түркстан болғанлығы, Туран топырағы, ондағы тәбият көриниси, терең тамырласқан дослық қаласы екенлиги тәрипленген.

Бухарасы ҳәм Самарқанд қаласы,
Бизиң эрамыздың эмблемасы.
Гөззаллықтың галереясы – даласы,
Алтын ойпаты бар, Өзбекстанның,
Сулыў саўлаты бар, Өзбекстанның.
Мустақиллик майданлары.
Мәртебени байрамлады.
Қуслар еркин қанат қағып,
Бахыт бағын сайранлады,
Гүлердей доланған,
Нурға оранған,
Сағлам әўлады бар Өзбекстанның [5:5.] - деп шайыр қосық қатарларында нурлы үлкемиз Өзбекстандағы тарийхый қалалардың бар екенлиги, әсиресе Хийўа, Бухара, Самарқанд сыяқлы қалалардың тарийхын үлкен мақтаныш пенен жырлаған. Уллы бабаларымыз болған Әмир Темур, Бабур, Ә.Наўайы усаған инсанлардың әўлады екенлиги, үлкемизде жасап атырған ул-қызларымыз, олардың бахытлы өмири, жүреклерди толқынландырған, устазлардың тәрбиясы арқалы ул-қызлардың ақыллығы, зейинлиги, қуслардай еркин қанат қаққан, гүллердей доланған елимиздиң келбети тәрийипленген.

**2-топардың жуўабы:** Сөз зергериниң «Қарақалпақстанды қалай сүймессеӊ?» деген қосығында туўылып өскен үлкемиздиң тәбиятын, тарийхын, халықтың миллий психологиясын, ел батырлардың қаҳарманлық ислерин мақтаныш пенен айтып, адамлар арасындағы туўысқанлық, дослық сезимлерди жырлаған.

Аўлақ жүрип жала, өтирик-өсектен,
Жақсылардың жақсы жағын сөз еткен,
Соннан шығар, батырлары ҳәттеки,
Келген жаўды қыяметлик дос еткен,
Бир кемпирди бир кемпири бийкеш дер,
Қарақалпақстанды қалай сүймессең? [5:7.] – деп халықтың туўры сөзлилиги, батырлардың мәртлиги, дослығы, апа-қарындас, аға-ини ҳаққында пикирлери, олардың ҳасыл болған мақсет мурады, терең ақыл-ойы, беккем бирлик, сөзи менен иси мудамы бир болған жигит-қызлардың ығбалы-бахты, жас жеткиншек әўладтың арзыў әрманға жетип, олардың бахытлы турмысы сүўретленеди.

**3-топардың жуўабы:** Шайырдың поэзиясында ғәрезсизлик темасы да ўатан темасы менен биригип кеткени сезиледи. Әсиресе «Ғәрезсизлик қосығы», «Ғәрезсизлик» деген қосықларында ўатанымыздың тийкарғы бахты ҳәм еркинлиги ғәрезсизлик жылларында көрингени, усы елимизде жасап атырған миллетлер арасындағы меҳрибанлық, туўысқанлық ҳәм дослық, мың жыллық тарийхқа ийе диний байрамлардың, үрп-әдетлеримиздиң қайта тиклениўи жырланады. «**Ғәрезсизлик** қосығы» қосығында:

Миллет бир-бирине меҳрибан болды,
Әтшөк шарбағында шақырған болды,
Еркин нәпес алып жанлы-жәниўар,
Тиллер таңлайында тақылдар болды,
Мусылман әлҳәмди мусылман болып,
Қаза қалған оқылған болды.

**4-топардың жуўабы:** Сөз шебериниң «Туўылған жер» қосығы да жаңа формада жазылып, қосық дөретиўдеги өзгешеликти аңлатып тур. Бул қосық диалог формасына қурылып, лирикалық қаҳарманның ишки сезимлерин терең билдирип, әке менен бала арасындағы сөйлесиўден дүньялық машқалалардың бири – Арал теңизиниң қурып кетиўине байланыслы пайда болған экологиялық апатшылықты әпиўайы тил менен баянлап берген. Арал теңизи бойларында жасап атырған халықтың ишки сезимлери, көрген қыйыншылықлары, олардың сабырлылығын, ўатанына садықлығын мақтаныш пенен тәрийиплеген.

Жәнe де сөз зергериниң тарийхый темаларға қурылған дөретпелериниң бири -бул «Қарақалпақпан» қосығы. Онда қарақалпақ халқының тарийхына байланыслы ўақыялар жырланып, оқыўшыларды халқына болған сүйиўшиликке руўхландырып, оларға елге болған, туўылған жерге болған сезимлерди тереңлестирип отырады. Мәселен:

«Елим» дедим емиренип, еки сөздиң биринде,
Көргеним жоқ кисини ҳасла сырттан жаманлап,
Садалығым билинсе, даналығым – тилимде,
Маған намыс келеди, келсе егер саған гәп,
Мен айтпай-ақ қояйын Айдос бийден аржағын,
Жаўгершилик көп болып, бүлген қарақалпақпан,
Барып ханнан қан алып, кесип дардың арқанын,
Тек өзине исенип жүрген қарақалпақпан! [5:14].
Бул қосық қатарларында Айдос бийдиң қаҳарманлық ислерин ашып бермекши болған. Шайырдың айтажақ пикирлери, идеясы ҳәм мақсетлери дурыс берилген. Ҳақыйқатында да, халықтың баҳадырлары Айдос бийдей болып елге шын ар-намысы, ҳүжданы ҳәм шын жүрегинен хызмет иследи. Усының нәтийжесинде соншa болып өткен қыян кести жаўгершиликлерден де қарақалпақ халқы сақланып қалды. Бул ел баҳадырлары ҳәм батырларының қаҳарманлық ислерин шайыр жоқары пафоста жырлағаны көринип тур.

**5-топардың жуўабы:** Толыбай Қабуловтың лирикасында айрықша орынды ийелейтуғын темалардың бири – бул **дослық темасы** болып, бул бойынша шайыр бирнеше дөретпелерин арнады. Мәселен, шайырдың «Ўатан деп түсинемен», «Жеңис күни», «Кавказ», «Лермонтов суў ишкен булақ», «Кавказ, сениң көркиң киби», «Мийман келеди» деген қосықларында халықлар арасындағы дослық темасы тереңнен сүўретленип, келешек әўладты ҳәм жасларды туўысқанлық ҳәм дослық сезимлерге тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Шайырдың лирикасында халықлар дослығы темасы, әсиресе оның «Кавказ қосықлары» дүркининде тереңнен сүўретленген. Сөз зергери «Кавказ» қосығында дослықтың тамырлары тереңде жатқанын сезе билген. Солай етип Кавказ халқының мақтанышы бул оның бийик-бийик таўлары, тәбиятының сулыўлығы, ҳаўасының мөлдир тазалығы, сонлықтан бул жерлер инсан баласы ушын демалыў орны болып келгенлиги айтылады. Мәселен,

Әсирлер әзелден ашық атыңа,
Тасларға жазылған тарийх, хаты да,

Гөззал тәбияттың муҳаббатына,

Бөленген, Кавказ [5:55.]– деп бул таўдың тарийхын жырлап, ол жерлерде Петр I, А.С.Пушкин, М.Ю.Лермонтов, Л.Толстой, А.П.Чеховлар болғанлығы тәрипленеди. Бул уллы инсанлар тарийхый дослықты раўажландырыўға тийкар салып кеткени көринеди. Демек, Кавказ тәбиятын сүўретлеў арқалы халықлар дослығының тарийхын береди.

**6-топардың жуўабы:** Қарақалпақ поэзиясында муҳаббат темасы әсирлер даўамында жырланып киятыр. Бул тема бойынша Т.Қабулов та өзиниң бирнеше лиркалық қосықларын арнады. Шайырдың «Бир жеңгеме», «Ҳаяллар жасасын, қызлар саў болсын», «Сен бар – дүнья бар» сыяқлы қосықларында лирикалық қаҳарманның эстетикалық сезимлери ҳәр түрли усылларда берилген. Оның «Ҳаяллар жасасын, қызлар саў болсын» қосығында ҳаял-қызларға жақсы тилеклерин арнап, олардың ығбал-мәртебеси асқар таў болыўын, басқан изи бәҳәр болып, жаз болыўын, бул әлем оларға ақ отаў болыўын, аппақ ақ отаўда айтылған әрман пүткил планетада жаңланыўын қәлейди. Оның «Арал қызларының қосығы» дөретпесинде Арал, Әмиў ҳаққында лирикалық сезимлерин берген. Шайырдың «Сениң менен» қосығында туўылған жерине болған муҳаббат сезимлери жырланып, шайырдағы өзине тән шеберлик сезиледи. Қосықта туўылған жерге болған сүйиўшилик, онда наўқыран жаслықтың өтиўи, толқыған қосықтың пешана тер менен жазылыўы, туўылған жер ҳәрбир инсан ушын уллы устаз, арнамыс, ҳүждан, өмирлик устав болыў кереклиги уқтырылады.

Шайырдың «Сен бар – дүнья бар!» қосығында биресе ярына ашық болған лирикалық қаҳарманды сүўретлесе, және де оның сол ис-ҳәрекетлери арқалы ўатанның, тәбияттың гөззаллығын тәрийиплеген.

Сени қутлықласын дәслеп тәбият,
Қуслар әл-ҳаўада әйлесин пәрияд,
Сен дүньяға келмегенде егер де,
Кемис болып турар еди бир қанат,
Саған қушақ ашар назлар, жылўалар,
Әй, нәзәлим дилбар, сен бар – дүнья бар! [5:257]

Сөз зергериниң «Мен ярымды мақтайман», «Сәўер яр қосығы», «Сен туўылған күн», «Сени сүйген едим студент ўақта», «Қара көзди сүймеген ким бар?» қосықларында тек лирик қаҳарманның муҳаббат сезимлери берилип қалмастан, жаслық дәўиринде турмыста ҳәм өмирде ушырасқан қыйыншылықлары, бул муҳаббат темасын тек ғайбана ашықларға, бахытлы қызжигитлерге ҳәм сөзинде туратуғын опадар жасларға арнап қоймастан, оны ўатанға ҳәм тәбиятқа болған сүйиўшилик сезимлер менен байланыстырып барыўы шайырдың өзине тән шеберлигинен болса керек.

**7-топардың жуўабы:** Сөз зергериниң «Тәбиятты қорғаймыз деп», «Булақ ҳаққында қосық», «Ақ қуўдың әжели», «Арал», «Әмиў менен сөйлесиў», «Аралды ойласам», усаған қосықларында тәбият көриниси, тәбияттың өзгермели қубылыслары, Арал теңизинде жүз берип атырған экологиялық апатшылық мәселелери бүгинги инсан өмири менен тығыз байланыслы поэтикалық жақтан жанлы сүўретленеди. Шайыр «Ақ қуўдың әжели» қосығында лирикалық қаҳарманды «Ақ қуў» образына мегзетип, сол арқалы ел ушын, елдиң тәбияты ушын, уллы ўатан ушын жанын аямайтуғын қаҳарман образын береди. Шайыр бул пикирлерин, ойларын және де тереңлестирип, «Әмиў менен сөйлесиў» қосығында:

Адамлардың қолында ғой тәғдирим,
Аралым аңсаған мен бир дәрьяман.
Адамға ғәрезли мениң ҳәркүним,
Жүрген - дәрья, ал мен жатқан бойраман.
Айт сен, адамларға, ағысларымды,
Бурынғы қәддине қайта салайын.
Жасыл атаў етип жағысларымды,
Толқынларым менен гүлге орайын. [5:234]-деп лирикалық қаҳарманның образы арқалы тәбияттағы жүз берип атырған экологиялық өзгерислерди тәсирли жеткере билген.

Солай етип, академиялық лицей оқыўшылары Т.Қабулов лирикасына тийкарынан ўатан, тәбият, өмир, турмыс машқалаларын өзине тийкарғы тема етип алғанлығын аңлап, ондағы темаларға жақсылық, ҳадаллық, ҳақыйқатлық, әдеп-икрамлылық, адамгершилик идеяларын сиңдире билгенин түсинип алады. Шайырдың қайсы қосығын алып қарасақ та тематикалық жақтан ықшам қурылып, қосықларының идеялық жақтан көркем образға бай сөзлерден орынлы пайдаланып, жаңаша пикирлерди, идеяларды, көз қарасларды темаларында сүўретлей алған ҳәм раўажландырған. Шайыр бириншиден, сөзлерди образлы етип қоллана билсе, екиншиден, сүўретлеў қуралларынан орынлы пайдалана билген. Нәтийжеде, оның поэзиясы-тематикалық ҳәм идеялық жақтан изленислерге бай дөретпелер. Шайыр көркем форма жасаўда көп изленгени ҳәм жаңалыққа умтылғаны сезиледи. Оның поэзиясы көркемлик, тематикалық, идеялық ҳәм формалық жақтан бир-бири менен байланыслы жазылып, пүтинликти аңлатып, жаңа изленислерди таба билген.

Улыўмаластырып айтқанда, Т.Қабуловтың лирикасы академиялық лицей оқыўшыларын ўатанына болған сүйиўшиликке, туўылып өскен жерине, ата-аналарына, туўысқанларына баўырман болыўға, ўатанына, досларына садық болыўға, адамгершиликке, опадарлыққа, мәртликке, эстетикалық сезимлерге тәрбиялайды ҳәм олардың сөз байлығын ҳәм әдебий сөйлеў тилин байытып барады.

**Әдебиятлар**


1. Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988; Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Нөкис: «Билим» , 2004; Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. –Нөкис: «Билим», 1993; Усмонова К. Адабий таълимда илғор педагогик технологиялар. -Тошкент: 2004. Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. -Тошкент. «Ўқитувчи», 1987; Ахмедов С. Адабиёт дарсларида эпик жанрларни ўрганиш. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1986; Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. -Тошкент: «Ўқитувчи», 1996. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: «Янги аср авлоди», 2006. Йўлдошев Қ., Йўлдош М. Бадиий таҳлил асослари. –Тошкент: «KAMALAK», 2016.
2. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.
3. Қабулов Т. Ең жақсы намаға жаным садаға. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2006.
4. Қабулов Т. Ең жақсы намаға жаным садаға. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2006.
5. Қабулов Т. Таңламалы қосықлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола қорақалпоқ адабиётини ўқитиш усулларига, хусусан, таниқли қорақалпоқ шоири Т.Қобулов ижодини академик лицей ўқувчиларига ўргатиш ва шеърий асарларни таҳлил қилиш масалаларига бағишланган. Шоир асарларининг мавзулари хилма-хил: ватанга муҳаббат, дўстлик, муҳаббат, ватан табиати ва бошқалар. Мақола муаллифи шоирнинг лирик асарларини ўрганишда ўқувчиларни кичик гуруҳларга бўлиб ўрганиш самарали усуллардан эканлигини тавсия қилади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается актуальному вопросу- методам обучения каракалпакской литературе, и в частности поэтическим произведениям и творчеству известного каракалпакского поэта Т.Кабулова учащихся академ лицеев. Тематика произведений поэта

разнообразна: любовь к Родине, дружба, любовь, природа родного края и т.д. Автор статьи рекомендует использовать эффективный приём-работу в малых группах при изучении лирических произведений поэта.

**SUMMARY**

The article deals with one of the actual issues - methods of teaching Karakalpak literature on the material of poetic works and creation of the famous Karakalpak poet- T.Kabulov to students of academic lyceums. The poet's works are rich according to their themes: love for Motherland, friendship, love, nature of homeland, ets. The author of the article recommends to use an effective technique-work in small groups in teaching the poet's lyrical works.

## ФИЗКУЛЬТУРНО-СПОРТИВНАЯ ДЕЯТЕЛЬНОСТЬ – КАК БАЗОВЫЙ ФАКТОР ФИЗИЧЕСКОЙ ПОДГОТОВЛЕННОСТИ СТУДЕНЧЕСКОЙ МОЛОДЁЖИ

**Г.А.Юсупов** - *доцент*

*Узбекский государственный университет физической культуры и спорта г.Чирчик*

**Таянч сўзлар:** жисмоний ривожланиш, жисмоний тайёргарлик, функционал ҳолат, ўкувчилар, юрак-хон томир тизими, жисмоний хусусиятлар.

**Ключевые слова**: физическое развитие, физическая подготовленность, функциональное состояние, студенческая молодежь, кардиореспираторная система, физические качества.

**Key words:** physical development, physical fitness, functional state, students, cardiorespiratory system, physical qualities

**Актуальность:** Современные условия жизни общества перед вузами Республики Узбекистан ставят задачу подготовки высококвалифицированных кадров, обладающих широким диапазоном интеллектуальных возможностей, характеризующихся высокой работоспособностью, конкурентоспособных, развитых как в физическом, так и в нравственном отношении. В постановлении Правительства Республики Узбекистан и принятом «Законе об образовании» 1992, «Законе о Физической культуре и спорте» от 4 сентября 2015 года, в постановлении Президента Республики Узбекистан Ш.М.Мирзиёева от 3 июня 2017 года ПП 7031 «О мерах по дальнейшему развитию физической культуры и массового спорта» сформулированы пути обновления содержания физкультурного образования на всех уровнях его организации. 5 марта текущего 2019 года Президентом Республики Узбекистан Ш.М.Мирзиёевым были выдвинуты 5 важнейших инициатив, среди которых (II инициатива) уделено особое внимание к привлечению студенческой молодежи к занятиям физической культурой и спортом. Приоритетными направлениями политики государства остаются – улучшение здоровья населения, физическое развитие учащейся молодежи и студентов, повышение трудоспособности и эффективности работы трудящихся и интеллигенции. Было усилено внимание к таким вопросам, как продление жизни и улучшение ее качества, воспитание здорового поколения через пропаганду здорового образа жизни, создание условий для занятий спортом, как для профессиональных спортсменов, так и для всего населения страны. Одной из важнейших задач физического воспитания в вузе является работа, со студентами, имеющими отклонения в состоянии здоровья, контингент которых в среднем колеблется от 5% до 20%. Представлен многолетний сравнительный анализ физического развития обучающихся студентов Омского ГАУ, СибАДИ, в котором отмечено снижение их физической подготовленности, возрастания количеств обучающихся, имеющих заболевания органов зрения, нарушения деятельности эндокринной и сердечно-сосудистой систем (1.6). Авторами установлено, что при сдаче контрольных нормативов у девушек первого курса, выявлено заметное снижение силы мышц спины, груди и рук. Если в 2000 году студентки выполняли 6 подтягиваний на перекладине и 16 отжиманий от гимнастической скамейки, то к 2017 году эти показатели значительно снизились, достигнув 4 подтягиванияй и 5 отжиманий. Физические возможности обучающихся юношей также снижены. Оценка общей выносливости показывает, что в 2000 году время преодоления дистанции 3 км составил 14.05 мин, в 2008 году время прохождения дистанции увеличилось до 14. 56 мин., а в 2017 году составило 15.36 мин. Авторы отмечают не только снижение физической подготовленности, но увеличилось количество студентов относящихся по состоянию здоровья к специальной медицинской группе. Выявлены негативные факторы, отрицательно влияющие на здоровье студенческой молодежи. (А.П.Лаптев, В.А. Панкова, 2003, Л.Н. Рютина, 2010, Козлова О.А., 2010, Расулов М.А., 2010, Икрамов А.И., Ахмедова Д., 2011, Кривощековой, С.Е.Бабиновым, Т.И.Крыловой, С.Н.Якименко, 2018, Абаев В.А , 2019, Григорьева И.Н., 2019). В связи с этим в задачи высшей школы входит не только получение образование в виде приобретения теоретических знаний, овладения профессиональными умениями и навыками, но и параллельно с этим первостепенную значимость имеет сохранение здоровья студентов. Данное исследование в значительной степени послужит реализации задач поставленных Президентом Республики Узбекистан Ш.М.Мирзиёевым по вовлечению к занятиям физической культурой и спортом студенческой молодежи.

**Цель исследования:** Установить степень вовлеченности занятиями физической культурой и спортом студенческой молодежи, с последующим проведением оценки уровня их физической подготовленности.

**Методы и организация исследования**: На основании проведенного анкетирования выявлен уровень вовлеченности и отношение к физической культуре студентов обучающихся на неспортивных факультетах Каршинского государственного университета (КГУ), Ташкентской консерватории и в Ташкентском архитектурном институте. Для оценки уровня здоровья при проведении исследований был использован метод Апанасенко Г.Л.,1988. по которой оценивали следующие показатели: жизненный индекс, силовой индекс, индекс Робинсона, время восстановления ЧСС после 20 приседаний выполненных за 30 сек. Общее количество обследованных студентов составило 150 человек. В Ургенчском Государственном университете проведена оценка физического развития на основе антропометрических показателей тотальных размеров тела студентов обучающихся на математическом и естественном факультетах.

Общее количество обследованных студентов составило 120 юношей и 200 девушек18-21 года. Оценка функционального состояния проведена на основе информативных показателей кардио-респираторной системы. Физическую подготовленность определяли на основании признанных педагогических тестов, определяющих скоростные, силовые, скоростно-силовые качества, а также качество выносливости. Полученные результаты обработаны методами математической статистики.

**Результаты исследований:** В результате проведенного анкетирования среди студенток математического факультета КГУ установлено, что 61.38% девушек занимаются активно физической культурой, 23.3% опрошенных студенток относятся к физической культуре безразлично, 15.2% отрицательно относятся к физической культуре (диаграмма №1).